



COMMUTER RAIL

Gid Referans sou Aksè pou Tout Moun

Pou w jwenn enfòmasyon sou aksesibilite sou
Commuter Rail (Tren Banlye), sa gen ladan:

- **Pri Redui**
- **Byen konprann estasyon yo**
- **Monte Tren yo**
- **Planifye vwayaj ou**

Vizite [MBTA.com/CRAda](https://www.mbta.com/CRAda) ↙



Si w gen kesyon oswa enkyetid, kontakte nou nan **617-222-3200**,
opsyon 3 pou sèvis Commuter Rail oswa voye yon imèl ban nou nan
customerservice@keoliscs.com



Massachusetts Bay
Transportation Authority

KEOLIS

Dènye Vèsyon 01/2026

Bèt Sèvis

Si w ap vwayaje ak yon bèt sèvis, ou pa bezwen bay okenn prèv. Anplwaye tren yo dwe kwè w. Ou ka mennen bèt sèvis ou a nenpòt kote pasaje yo gen pèmasyon pou antre.

Pri Redui

Pou moun ki gen 65 an oswa plis, moun ki gen andikap, ak moun k ap resevwa èd leta tankou EBT (koupon manje)

Vwayaje ak mwatye pri (50% rabè) si w gen:

- TAP (Kat Aksè Transpò)
- Senior Charlie Card (Kat Charlie pou Granmoun Aje)
- Kat EBT (laj 18 rive 64 an) – Tikè mwatye pri yo dwe achte nan yon machin ki vann tikè anvan ou monte nan tren an.



Ou menm ansanm ak Asistan Swen Pèsonèl ou ka **vwayaje gratis** avèk yon **Blind Access Charlie Card** (Kat Charlie pou Moun ki Avèg)!

(Militè ki an fonksyon yo ap vwayaje gratis tou!)

Monte/Desann Tren yo

Si w ap itilize yon chèz woulant oswa yon wòkè (aparèy mobilite), anplwaye tren yo ap mete yon ti pon pou ede w monte oswa desann tren an an sekirite. Opsyon sa a disponib tou pou pasaje ki gen pousèt oswa malèt. *Karakteristik yo aksesib pou tout pasaje!*

Si tren an depase ti seksyon platfòm ki pi wo pou aksè a, yon anplwaye tren ap mande kondiktè a pou deplase tren an pou pèmèt moun monte oswa desann an sekirite.



Twalèt ki nan Tren yo

Tout tren Commuter Rail yo sipoze genyen omwen yon twalèt k ap fonksyone. Ou ka jwenn li nan youn nan de vagon ki dèyè lokomotiv la; an jeneral li nan vagon de etaj la.

Plas Preferansyèl

Plas preferansyèl yo fèt pou granmoun aje ak pasaje ki gen andikap, epi yo toupre chak pòt tren an. Yo pa ka fòse pasaje ki chita nan zòn sa a leve, epi yo pa dwe mande yo bay okenn prèv ni esplik ki kalite andikap yo genyen.

Si ou bezwen chita nan plas preferansyèl yo, epi gen yon moun ki deja chita ladan, anplwaye tren yo ap ede w jwenn pwochen plas preferansyèl ki disponib nan.



Kontakte Nou

Si ou rankontre yon pwoblèm lè w ap monte oswa desann tren an, si ou pa kapab tande oswa wè anons yo abò tren an oswa nan estasyon an, si ou pa kapab itilize twalèt ki nan tren an, oswa si ou gen nenpòt lòt enkyetid, tanpri **kontakte nou** nan:

- 617-222-3200 opsyon #3 pou sèvis “Commuter Rail” oswa
- Voyer yon imèl ban nou nan customerservice@keolis.com

Anplwaye nou yo ap bezwen dat ensidan an, nimewo tren an oswa lè tren an, non estasyon an, epi si sa nesèsè, yon deskripsyon anplwaye ki te enplike a.

Resous

Sant Sèvis Charlie

296 Washington Street

Boston MA, 02108

617-222-3200

CharlieCardStoreDept@MBTA.com

Sant Mobilite

1000 Massachusetts Avenue, #201

Boston, MA 02118

617-337-2727

MBTAMobility@mtm-inc.net

The RIDE

(Vizite oswa kontakte Sant Mobilite a)

Sèvis Fòmasyon pou Vwayaj

(Vizite oswa kontakte Sant Mobilite a)

